

COVID-19, RSV, ak Grip Sezon

Sentòm viris respiratwa yo



Lafyèw



Frison



Fatig



Tous



Maltèt

Mwayen prensipal pou anpeche maladi



Vaksen yo



Ijyèn



Tretman



Rete lakay
ou epi Evite
Pwopagasyon



Etap pou yon
Lè ki Pi Pwòp

Lòt fason anplis pou anpeche maladi



Mask yo



Tès yo

Si w santi w malad, rete lakay ou epi rete lwen lòt moun pandan 24 èdtan jiskske ALAFWA:



Sentòm ou yo
amelyore



Ou pa gen lafyèw
(san w pa pran
medikaman)



Lè sa, pran prekasyon anplis
pandan pwochen 5 jou yo.

Itilize lòt estrateji lè:

- ✓ Anpil moun nan kominote w vin malad.
- ✓ Oumenm oswa moun ki bò kote w yo te ekspoze resaman, malad oswa ap refè.
- ✓ Oumenm oswa moun ki bò kote w yo gen plis risk pou vin malad gravman.

Moun ki gen plis risk pou yo vin malad gravman



Moun aje yo



Tibebe ak
timoun mwens
ke 5 lane



Moun ki gen
andikap



Moun ki
ansent



Moun ki gen
sèten pwoblèm
sante



Moun ki gen
sistèm
iminitè febli

Resous pou COVID-19, RSV, ak Grip Sezon

Kèk Ti Rezime sou Vaksen

Yo mete vaksen kont grip la ajou chak ane pou pwoteje kont tip grip yo prevwa kòm tip ki pi kouran.

- Vaksen COVID-19 mizajou yo kreye pou pwoteje kont tip/varyant pi resan nan viris la.
- Vaksen kont RSV yo pwoteje tibebe ak granmoun laj 50 lane oswa plis kont enfeksyon grav RSV.

Jwenn Plis Enfòmasyon sou Vaksen yo

bit.ly/FluPHL

bit.ly/COVIDvaxPHL

bit.ly/RSVvaxPHL



Kontakte founisè swen sante w si w gen kesyon sou vaksen yo oswa si w santi w malad.

Jwenn yon Founisè Swen Sante

Li enpòtan pou w gen yon founisè swen prensipal ou fè konfyans pou ede w rete an sante pandan tout sezon otòn lanu si w gen yon pwoblèm sante kwonik.

Sèvi ak **zouti lokalizatè swen jeneral la (Primary Care Finder)** nan www.phila.gov/primary-care pou jwenn swen medikal gratis oswa bon mache, menm si w pa gen asirans.

Chèche dapre lang, anplasman, espesyalite ak plis ankò.

Mande Depatman Sante a

Pou plis enfòmasyon oswa si w gen nenpòt kesyon, rele sant dapèl depatman sante piblik Filadèlfi a (Philadelphia Department of Public Health Call Center) nan **215-685-5488**, louvri **Lendi jiska Vandredi, 8:30 a.m. - 5:00 p.m.**

Pou entèpretasyon, **peze 2** pou Panyòl; **peze 3** pou entèpretasyon nan lang pa w. **Konpoze 711** pou **èd TRS/TTY.**

Pwogram preparasyon pou sante piblik la (Public Health Preparedness Program) ede kominote yo prepare epi reyaji ak ijans sante piblik yo grasa fòmasyon kominote yo, tablo resous yo, epi kontak dirèk depòtanpòt. Nou ka vini nan kominote w la!

Vizite sit entènèt nou an nan bit.ly/PDPHPreparednessOutreach.

Pou kopi enprime depliyon sa a, pou kesyon, oswa pwoblèm avèk tradiksyon an, voye yon imèl ban nou nan PublicHealthPreparedness@phila.gov oswa kite yon mesaj nan **215-683-0806**.

Nou ta renmen tande w!

Swiv nou sou rezo sosyal yo!



[@PHLHthPrepare](https://twitter.com/PHLHthPrepare)



[Philly Health Prepared](https://www.facebook.com/PhillyHealthPrepared)



[@Phpublichealth](https://www.instagram.com/Phpublichealth)



Department of
Public Health
CITY OF PHILADELPHIA